ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОК1

№11 (24.137) ● 2021 гъэм мазаем (февралым) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдок1 ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и студентхэм яIуощIэ

«Пандемием и зэманым щытыкIэ гугъу къихутахэм гущIэгъу, гулъытэ хуащIу защIэзыгъэкъуахэм, волонтёру щытахэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм ядэIэпыкъуахэм, госпиталхэм щылэжьахэм фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ. Мыпхуэдэ ди зэпсэльэныгъэхэм Iуэхугъуэфlхэр зэфIэгъэкIыным, мурадыщIэхэм дыхуараджэ, кьалэныщIэхэр къагъуэв. Япэкlэ дызыгъэкIуатэ къаруш ди ныбжьыщIэхэр. Сыт щыгъуи сригушхуэу щытащ, иджыри сропагъ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм», - апхуэдэу къыщIидзащ КIуэкIуэ Казбек республикэм и щIалэгъуалэм - щIэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт Iэщlагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэсхэм - хабзэ хъуауэ ильэс кьэс ядригъэкIуэкI и зэлущIэр. Республикэм и Iэтащхьэм епсэльащ КъБР-м и вузхэмрэ колледжхэмрэ щIэсхэм ящыщу студент 78-рэ, апхуэдэуи Москва и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыщ студентрэ аспиранту 12. Ахэр зэIущIэм къраГъблагъащ КъБР-м и Iуэхущ1апIэу къалащхьэм щылажьэм и жэрдэмкIэ. Онлайн-зэIущIэм апхуэдэуи хэтащ Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къурал университетым и ректор Алътуд Юрий, КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къурал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Асльэн, Кавказ Ищхьэрэм Пъуэдзэхэмкlэ и институтым и ректор Рахаев Анатолий.

ЗЭIУЩIЭМ къраГъблагъат унэтIыныгъэ, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуеджэ студентхэр. Гупсэхуу, дзыхь зэхуащIу щIэзэпсальэм КIуэкIуэ Казбек зыкъыхуагъэзащ уПщIэ щэщIым щIигъэкIэ.

И гугъу ящIащ республикэм джекIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху къуэдым. Еджапlэхэм мыкIуэу щIэныгъэ зрагъэгъэтын хуей зэрыхъум щытепсэльыхьым, Iэтащхьэм жиIащ апхуэдэ Iэмалыр студентыр егъэджакIуэм IущIэу ят дерсхэм я пIэ зэи зэримыувэнур, абы кьыдэкIуэуи кьыхиГъэщащ къэралым, хамэ хэкуэкм я щIэныгъэлI пажэхэр кьрагъэблагъэурэ зэрыдагъэлэжьхэнур.

ГъэзджэхэмкIэ институтым и студентхэр щIэпсэлъащ зыхуеджэ IэщIагъэм екIуэлIыну Iэщlагъэлlэужьыгъуэхэм хуеджэ студентхэр. Гупсэхуу, дзыхь зэхуащIу щIэзэпсальэм КIуэкIуэ Казбек зыкъыхуагъэзащ уПщIэ щэщIым щIигъэкIэ.

И гугъу ящIащ республикэм джекIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху къуэдым. Еджапlэхэм мыкIуэу щIэныгъэ зрагъэгъэтын хуей зэрыхъум щытепсэльыхьым, Iэтащхьэм жиIащ апхуэдэ Iэмалыр студентыр егъэджакIуэм IущIэу ят дерсхэм я пIэ зэи зэримыувэнур, абы кьыдэкIуэуи кьыхиГъэщащ къэралым, хамэ хэкуэкм я щIэныгъэлI пажэхэр кьрагъэблагъэурэ зэрыдагъэлэжьхэнур.

ГъэзджэхэмкIэ институтым и студентхэр щIэпсэлъащ зыхуеджэ IэщIагъэм екIуэлIыну Iэщlагъэлlэужьыгъуэхэм гъэхъуэ щIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэм, псом зуэмыдэу хьыбарегъащIэ технологиехэм екIуэлIауэ. КIуэкIуэ Казбек жиIащ а зэныбжьагъэ республикэм зегъэужьыныжьмкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ увын зэрыхуейр, сыту жыпIэнмэ, республикэм и вузхэм а IэщIагъэхэм хурагъэджэныжьмкIэ зэфIэкI къарзынэхэр ябгъэдэлъщ. Iэтащхьэм жиIащ IT-технологиехэм епха хьэрычэт Iэнатlэхэм папщIэ экономикэ, юридическэ дэIепыкъуныгъэхэр кьызэрыхалъхьэнур, абыхэм щIыхьэ кьащтэнэ, мыпIыкуклэ защIэгъэкъуэным теухуа Iэмалхэр, нэгъуэщI хэкIыпIэхэрэ кьызэрыхуагъэщхьэпэнур.

ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэм кьыщIытеуцын Iэтащхьэм кьыхиГъэщащ а лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ Iэуху зыбжанэ 2020 гъэм зэрауб-зыхуар. Абыхэм ящыщу унэтIыныгъитхум кьыщыхэжаныкI щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр иратыну зэрагъэувар, апхуэдэуи КъБР-м и Къэрал саугъэтыр щIэныгъэмрэ техникэмрэ кьыщахьа ехьулIэныгъэхэм папщIэ зэратынур. Саугъэтыр сом мелуан мэхъу. Кьимыдэкlэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм ират стипендиер сом минитIу щытамэ, иджы ар сом мини 10-у яГъэуващ.

Республикэ унафэщIхэр зыхэплъэн хуей Iуэхухэм ящыщу зэIущIэм кьыщаIэтащ хьэ хьэулейхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуам, абы цIыхухэр зэрригъэгузавэм ехьэлIари. КъБР-м и Iэтащхьэм а упщIэм жэуап щритым жиIащ апхуэдэ псэущхьэхэр щаныгъэ щыпIэ щыным и проектыр мы илъэсым зэрагъэхьэзырыр, ар кьызэгъэпэщыным, гъэлэжьэным текIуэдэну ахъшIэр зыхуэдизыр кьабж. Проектыр зэкIэ щызэхалъхьар Налшыкщ, иужькIэ адрей муниципалитетхэми кьыщызэIуахыну я мурадщ.

ЩIалэгъуалэм псори яфIэгъэщIэгъэнт, куэдым щIэупщIэрт: мэкъумэш, хьэрычэт Iэнатlэхэм, кIэрыхубжьэрыхухэм елэжьыным, туризмэм, нэгъуэщI Iэджэмэ я гугъу ящIащ. Республикэм и Iэтащхьэм теухуахэмэ щIэупщIащ: сыт хуэдэ шхын нэхъ уигу ирихьыр? - Къэбэрдей-Балъкъэрым щапщэфхэрщ, кьэуат зыщIэльхэрщ; уи узыншагъэм укIэльплъу ущыт, уи Iэпкъльэпкъыр псыхьыным яужь уит? - си щхьэ Iуэху зесхуэну зэкIэ сыхунэсыркъым, ауэ дяпэкIэ зэман хуэхсхынщ, Iэмал зэриIэкIэ; сыт лэжьыгъэм утезыгъэгушхуэр? - хэкум, унагъуэм, сабийхэм яхузиIэ льагъуныгъэрщ; уи студентыгъуэ зэманым щыщу сыт уигу нэхъ кьинэжар? - егъэджакIуэхэм, зэныбжьэгъуэхм дяку дэлъа зэхущытыкIэхэр, гъавэ Iутхыжьну колхозхэм дашэу зэрыщытар.

«ИлъэсипщI дэкIмэ, республикэр сыт хуэдэу щытыну уи нэгу кьыщIыхьэрэ?» - упщIэр щратым, Казбек Валерий и кьуэр кьыпIугфыIыкIащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр зызыжь щIыналъэ пIэущ, зэкъуэту, зэманым дэбакъуэ, щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ зиIэу, цIыхухэр фIыуэ щыпсэун папщIэ зыхуей псомкIи кьызэгъэпэща щIыналъэу си нэгу кьыщIоувэ», - жэуап яритащ абыхэм.

Республикэм и Iэтащхьэри студентхэм еупщIащ: езыхэм республикэм и кьэкIуэнур сыт хуэдэу зэральагъур? Сыт хуэдэ жэрдэмхэр кьыхалъхьэну хуей? КIуэкIуэ Казбек щIалэгъуалэр кьыхуриджащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ кьыщекIуэкI Iуэхуфlхэм кьыхихьэну» икIи къигъэгугъащ дэтхэнэ студентми и Iуэху епIыкIэр къигъалъэгъуэну мазаем Iэмал зэрыратынур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитныгъэхэр хъумэныжьмкIэ Уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. ХьэрычэтыщIэхэм я хуитныгъэхэр хъумэныжьмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къулыкъым ильэситху пIалъэкIэ гъэувын **Афэщ1ыж Юрий Сэфарбий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм щIышылэм и 29-м
№8-УГ

Республикэм и Iэтащхьэм Прохладнэ щIынальэмрэ къалэ округымрэ зыщеплъыхь

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IэужькIэ щыIащ Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэмрэ Прохладнэ къалэ округымрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщ1ым щыгъуащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим**, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **Дыщэкl Асльэн**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м спортымкIэ и министр **Хьэсанэ Исльам**, Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Журавлёв Андрей**, Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщI **Тараев Игорь**, ухуакIуэ Iэхуущ1апIэхэм я унафэщIхэр.

Мы гъэм къэпэщыт лэжьыгъэхэм ящыщу республикэм и Iэтащхьэм зыщIплъыхьащ Хуитныгъэм и уэрамым, Свято-Никольскэ члисэм къедза щIыпIэм. Ар зэIуэзэпэщ ящыну къалэп1ащ. Нэхъ пасэу, Iэтащхьэм къалэн зэращищIам ипкъ иткIэ, «Ущыпсэуну тынышпIэ псори здэщыIэ къалэ» къэрал проектым Прохладнэ къалэ округым щыщу хагъэхьауэ щытащ икIи зэIуэзэпэщ ящIащ ипщэ паркым щыщ Iыхьэмрэ «Зэныбжьагъугъэ» хьэблэм щыIэ утыкумрэ, абыхэм псыутхэхэр щаухуащ. Кьимыдэкlэ, фэтэр куэду зэхэт унэ пщыкIуэм я пщIантIибгъу зыхуей хуагъэзауэ щытащ.

Гулъытэшхуэ хуащIащ гъэзгухэм. 2020 гъэм зэрагъэпэщыжащ Прохладнэ - Бахьсэн гъэугум щыщ Iыхьэу Алътуд хуэкIуэр, километри 2,2-рэ зи кIыхьагъыр, уэздыгъэхэр щыфIадзащ Прималкинскэ къуажэм и гъэгу километри 4,2-м я Iуфэм. Льэс зэпрыкIпIэ 20 зыхуей хуагъэзащ. ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэзгуу Къэрэгъэш, Пролетарскэ, Екатеринградскэ, Черниговскэ жылэхэм щыщэрагъэпэщыжащ километри 4,3-рэ. 2021 - 2022 гъэхэм щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъэзгухэр тэмэму зехьэным трагъэкIуэдэну яубзыхуащ сом мелуани 117-рэ. КъБР-м и гъэзгу фондым и хьэкъкIэ Прохладнэ къалэ округым и гъэзгухэм хухахащ сом мелуани 160-рэ хуэдизэ, мардэм къитIасэу зэрагъэпэщыжнущ Головко и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ абы къедза уэрамдэкIэхэмрэ, псори зэхэту километритху къыззщIаубыдэу. Медицинэ дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэ хъуа нэужь цIыхухэм япэу зызыхуагъаззэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIакIуэн папщIэ 2022 - 2024 гъэхэм ящIыну я мурадщ щIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм епхауэ щытыну поликлиникэр, апхуэдэуи Красносельскэ, Янтарнэ къуажэхэм амбулаторэхэр щаухуэнущ.

ЩIыналъэм зыщапплъыхьа ящыз ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ районым и мэкъумэш Iэнатlэм зегъэужьыным, социальнэ Iэнатlэм хыхьэ Iуэхущ1апIэхэм я материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, узыншагъэр хъумэн Iэнатlэр егъэфIэкIуэным теухуа Iуэхухэм. Зэман гъунэгъум (2022 гъэм) я мурадщ Прималкинскэ къуажэм сабий сад щаухуэну. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым щыубзыхуахэр ягъэзащIэу Прохладнэ къалэм ухуэныгъэшхуэ кьыщрагъэжьнущ - цIыху 785-рэ зыщIэхуэну школыщIэ ящIынущ. Ар щаухуэну щыпIэри КIуэкIуэ Казбек къиплъыхьащ икIи Iэнатlэр зэгъэщIыпIа министрхэм, щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм пщэрылъ ящиущIащ пэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым, абыхэм я фIагъым зэпымыууэ я нэIэ трагъэтыну, апхуэдэуи Прохладнэ - Майскэ гъэзгум щыщ Iыхьэ зэгъэпэщыжыным и проекти зэхалъхьэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и студентхэм яIуощIэ

«Пандемием и зэманым щытыкIэ гугъу къихутахэм гущIэгъу, гулъытэ хуащIу защIэзыгъэкъуахэм, волонтёру щытахэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм ядэIэпыкъуахэм, госпиталхэм щылэжьахэм фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ. Мыпхуэдэ ди зэпсэльэныгъэхэм Iуэхугъуэфlхэр зэфIэгъэкIыным, мурадыщIэхэм дыхуараджэ, кьалэныщIэхэр къагъуэв. Япэкlэ дызыгъэкIуатэ къаруш ди ныбжьыщIэхэр. Сыт щыгъуи сригушхуэу щытащ, иджыри сропагъ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм», - апхуэдэу къыщIидзащ КIуэкIуэ Казбек республикэм и щIалэгъуалэм - щIэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт Iэщlагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэсхэм - хабзэ хъуауэ ильэс кьэс ядригъэкIуэкI и зэлущIэр. Республикэм и Iэтащхьэм епсэльащ КъБР-м и вузхэмрэ колледжхэмрэ щIэсхэм ящыщу студент 78-рэ, апхуэдэуи Москва и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыщ студентрэ аспиранту 12. Ахэр зэIущIэм къраГъблагъащ КъБР-м и Iуэхущ1апIэу къалащхьэм щылажьэм и жэрдэмкIэ. Онлайн-зэIущIэм апхуэдэуи хэтащ Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къурал университетым и ректор Алътуд Юрий, КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къурал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Асльэн, Кавказ Ищхьэрэм Пъуэдзэхэмкlэ и институтым и ректор Рахаев Анатолий.

ЗЭIУЩIЭМ къраГъблагъат унэтIыныгъэ, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуеджэ студентхэр. Гупсэхуу, дзыхь зэхуащIу щIэзэпсальэм КIуэкIуэ Казбек зыкъыхуагъэзащ уПщIэ щэщIым щIигъэкIэ.

И гугъу ящIащ республикэм джекIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху къуэдым. Еджапlэхэм мыкIуэу щIэныгъэ зрагъэгъэтын хуей зэрыхъум щытепсэлъыхьым, Iэтащхьэм жиIащ апхуэдэ Iэмалыр студентыр егъэджакIуэм IущIэу ят дерсхэм я пIэ зэи зэримыувэнур, абы кьыдэкIуэуи кьыхиГъэщащ къэралым, хамэ хэкуэкм я щIэныгъэлI пажэхэр кьрагъэблагъэурэ зэрыдагъэлэжьхэнур.

ГъэзджэхэмкIэ институтым и студентхэр щIэпсэлъащ зыхуеджэ IэщIагъэм екIуэлIыну Iэщlагъэлlэужьыгъуэхэм гъэхъуэ щIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэм, псом зуэмыдэу хьыбарегъащIэ технологиехэм екIуэлIауэ. КIуэкIуэ Казбек жиIащ а зэныбжьагъэ республикэм зегъэужьыныжьмкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ увын зэрыхуейр, сыту жыпIэнмэ, республикэм и вузхэм а IэщIагъэхэм хурагъэджэныжьмкIэ зэфIэкI къарзынэхэр ябгъэдэлъщ. Iэтащхьэм жиIащ IT-технологиехэм епха хьэрычэт Iэнатlэхэм папщIэ экономикэ, юридическэ дэIепыкъуныгъэхэр кьызэрыхалъхьэнур, абыхэм щIыхьэ кьащтэнэ, мыпIыкуклэ защIэгъэкъуэным теухуа Iэмалхэр, нэгъуэщI хэкIыпIэхэрэ кьызэрыхуагъэщхьэпэнур.

ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэм кьыщIытеуцын Iэтащхьэм кьыхиГъэщащ а лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ Iэуху зыбжанэ 2020 гъэм зэрауб-зыхуар. Абыхэм ящыщу унэтIыныгъитхум кьыщыхэжаныкI щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр иратыну зэрагъэувар, апхуэдэуи КъБР-м и Къэрал саугъэтыр щIэныгъэмрэ техникэмрэ кьыщахьа ехьулIэныгъэхэм папщIэ зэратынур. Саугъэтыр сом мелуан мэхъу. Кьимыдэкlэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм ират стипендиер сом минитIу щытамэ, иджы ар сом мини 10-у яГъэуващ.

Республикэ унафэщIхэр зыхэплъэн хуей Iуэхухэм ящыщу зэIущIэм кьыщаIэтащ хьэ хьэулейхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуам, абы цIыхухэр зэрригъэгузавэм ехьэлIари. КъБР-м и Iэтащхьэм а упщIэм жэуап щритым жиIащ апхуэдэ псэущхьэхэр щаныгъэ щыпIэ щыным и проектыр мы илъэсым зэрагъэхьэзырыр, ар кьызэгъэпэщыным, гъэлэжьэным текIуэдэну ахъшIэр зыхуэдизыр кьабж. Проектыр зэкIэ щызэхалъхьар Налшыкщ, иужькIэ адрей муниципалитетхэми кьыщызэIуахыну я мурадщ.

ЩIалэгъуалэм псори яфIэгъэщIэгъэнт, куэдым щIэупщIэрт: мэкъумэш, хьэрычэт Iэнатlэхэм, кIэрыхубжьэрыхухэм елэжьыным, туризмэм, нэгъуэщI Iэджэмэ я гугъу ящIащ. Республикэм и Iэтащхьэм теухуахэмэ щIэупщIащ: сыт хуэдэ шхын нэхъ уигу ирихьыр? - Къэбэрдей-Балъкъэрым щапщэфхэрщ, кьэуат зыщIэльхэрщ; уи узыншагъэм укIэльплъу ущыт, уи Iэпкъльэпкъыр псыхьыным яужь уит? - си щхьэ Iуэху зесхуэну зэкIэ сыхунэсыркъым, ауэ дяпэкIэ зэман хуэхсхынщ, Iэмал зэриIэкIэ; сыт лэжьыгъэм утезыгъэгушхуэр? - хэкум, унагъуэм, сабийхэм яхузиIэ льагъуныгъэрщ; уи студентыгъуэ зэманым щыщу сыт уигу нэхъ кьинэжар? - егъэджакIуэхэм, зэныбжьэгъуэхм дяку дэлъа зэхущытыкIэхэр, гъавэ Iутхыжьну колхозхэм дашэу зэрыщытар.

«ИлъэсипщI дэкIмэ, республикэр сыт хуэдэу щытыну уи нэгу кьыщIыхьэрэ?» - упщIэр щратым, Казбек Валерий и кьуэр кьыпIугфыIыкIащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр зызыжь щIыналъэ пIэущ, зэкъуэту, зэманым дэбакъуэ, щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ зиIэу, цIыхухэр фIыуэ щыпсэун папщIэ зыхуей псомкIи кьызэгъэпэща щIыналъэу си нэгу кьыщIоувэ», - жэуап яритащ абыхэм.

Республикэм и Iэтащхьэри студентхэм еупщIащ: езыхэм республикэм и кьэкIуэнур сыт хуэдэу зэральагъур? Сыт хуэдэ жэрдэмхэр кьыхалъхьэну хуей? КIуэкIуэ Казбек щIалэгъуалэр кьыхуриджащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ кьыщекIуэкI Iуэхуфlхэм кьыхихьэну» икIи къигъэгугъащ дэтхэнэ студентми и Iуэху епIыкIэр къигъалъэгъуэну мазаем Iэмал зэрыратынур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Парламентым

Зэлэжьынухэр ягъэбелджылы

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ щIышылэм и 28-м иригъэкIуэкIащ гъатхэ лэжьэгуэм и япэ зэIущIэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, ар къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я гимнэмкIэ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и прокурор Хабаров Николай, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав сымэ. Апхуэдэуи онлайн мардэм тету депутатхэм къаIэта Iуэхугъуэхэм едэIуащ КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу УФ-м и сенатор Ульбашев Мухьэрбий.

Егоровэ Татьянэ жиIащ депутатхэм лэжьыгъэ ин икIи гугъу къаэрыпэщылъыр.

- Ди Iуэхухэр псом япэу зыхуэдунэтIынур УФ-м и къралъ дэфтэр нэхъыщхьэмрэ федеральнэ законхэмрэ яГъэта зэхуэсыжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр и Конституцэмрэ щIыналъэ законхэмрэ зэдгъэзэхуэжьынырц. Апхуэдэуи гулъытэшхуэ хуэтщIынущ законыщIэхэр кьэтщIэным, - жиIащ Егоровэм. - Республикэм и гъащIэр зыхуэдэнэр нэхъыбэу кьэзыгъэлъагъуэ Iэнатlэ псоми я Iуэху зэрыдэкIыр кьэлъытауэ социальнэ, политикэ щытыкIэхэм зегъэужьыным, цIыхухэр я хуитныгъэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным адэжкIи дегугъэн хуейщ. 2021 гъэр Жылагъуэ Iуэхугъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ щытынущ. Псалъэм папщIэ, кьытпэщылъщ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къралым Думэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ советхэмрэ хагъэхьэнухэм я хэхыныгъэхэр. Зэкlэ коронавирусым зэрызиубгъум и щытыкIэр кьэлъытауэ, цIыхухэм япэIэщIэу дызэрылажьэ Iэмалым пыдощ, депутатхэм сыфщогугъ гъатхэ лэжьэгъуэр купщIафIэ хуэным фи зэфIэкI ефхьэлIэну.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм даIыгъащ УФ-м и Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм зэпымыууэ хэтыну Эбзеев Борис къызэрагъэлъэгъуар. КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** зэрыжиIамкIэ, 2021 гъэм и гъатхэпэм зи гугъу ящI комиссэм хэтхэм я пIалъэр еух икIи федеральнэ законодательствэм тету, УФ-м и Хэхакlуэ комиссэм хэтыну цIыхуитхур (щIыналъэ унафэщIхэмрэ хабзэубзыху Iэнатlэхэмрэ кьагъэлъэгъуахэм ящыщу) УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым кьыхихыну хуитщ. Мэлбахъуэм дыщIигъуащ Эбзеевым и кандидатурэм нэхъ ипэкIэ зэрытепсэлъыхьар. Абы кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ ар и зэманым Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и унафэщIу зэрыщытар, УФ-м и Конституцэ Судым илъэс 17-кIэ зэрыхэтар.

Депутатхэр хэплъащ «КъБР-м и прокуроры и кьулыкъым зэрагъэув щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым кьару иныIэну къэлъытэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым. КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ щынагъуэнщагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтыныжьмкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** зэрыжиIамкIэ, щIыналъэхэм я прокурорхэр иджы щагъэувынур УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и чэнджэщ едэIуа иужьщ, апхуэдэуи а кьулыкъур щхьэщыщыхьынур УФ-м и Президентырщ.

ЗэIущIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ КъБР-м и административнэ хабзэхэр кьызэпемыгъэудыныжьмкIэ и Кодексым теухуа законым и проектым, «Социальнэ-щэнхабзэ, коммунальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ1апIэхэм-рэ щIы Iыхьэ бэджэнду куэдым зыхухах инвестицэ проект инхэмрэ зытетыпхъэ мардэхэр убзыхуным ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 4-мрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и Iэнатlэм зегъэужьыным теухуауэ я Iуэху епIыкIэхэр зэIущIэм кьыщIэльэгъуащ «Яблоко» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Кучмезов Хьэким**.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Алим и цIэр зэи ящыгъупщэнукъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз уасакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, РСФСР-м, Горькэм и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтхэм я лауреат КIыщокъуэ Алим Пащымахуэ и къуэм и фэеплъ махуэщ щIышылэм и 29-р.

ЩIЭБЛЭМ щIэныгъэ егъэгъуэтыныжрэ ди щIыналъэм и литературэмрэ абы хуищIа хэлъхьэныгъэр къэльытэгъуейщ. Хэку зауэшхуэм ипэ кьиухуэ илъэсхэм ар лэжьащ егъэджакIуэу, Лъэпкъ щэнхабзэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу. 115-нэ щууей дивизэм лIыгъэ зэрихьэу хэтащ, Донбасс, Запорожье, Мелитополь, Крым, Прибалтикэ щIыналъхэр хуит къэхъеящIыхьхэм ящыщщ.

Хэку зауэшхуэр ирихь нэужь, лжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэ фIыщIэрэ щытхъурэ пылъу ирихьэкIащ. Ди республикмэ къэралым и къалащхьэми сыт хуэдэ IэнатIэ щыпэрымытами, Алим фIэлIыкI ин иIэу, зыпэрыхьэ Iуэхум щхьэхулIэу, къызыхэкIа лъэпкъыр зыщимыгъэгъупщэу, абы хуэзфIэкI хуиIэжьу псэуащ. И тхыгъэ кIуплIафIэхэм ЩадэкIуэу, и цIыху щыкIэращ абы и фэеплъыр мыкIуэдыжьым зыщIар, цIыхубзм я гум ар фIыкIэ къыщIинар.

КIыщокъуэр дунейм щекьыжа щIышылэм и 29-м ирихьэлIэу цIыху куэд щIэныгъэлIэхэм къызэралъытэмкIэ, псыпцIэхэр ящыщщ ЩIы хъурейм и биологие зэмылIэужьыгъуагъэм хезымыгъэгъэщI, щIыуэпсыр зэпIэзэрыт щIыпыкIэм къызыгъанэ къэщIыгъэ телъыджэхэм.

● Ди махуэгъэпс

ПсыпцIэхэр хъумэным я мыхьэнэр

ПСЫПЦIЭХЭР зи хэщIапIэ псэуупсыжьхэмрэ абыхэм щес кIуэлэхэмрэ яхуэсакъыныкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэщ 1971 гъэм мазаем и 2-м Ираным и Мазендеран щIыналъэм хыхьэ Рамсар къалэм псы-псыпцIэ щIыпIэхэм ехьэлIауэ щызэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэр («**Convention on Wetlands**»). Дунейпсо махуэ ар щыхъуар 1977 гъэм щыщыщIэдзауэщ.

Зи гугъу тщIы зэухьлIэныгъэм ЩIы хъурейм тет къэрал псори кIыхьреджэ я щIыналъэхэм, нэхъ мащIэрауэ, зы «Рамсар щIыпIэ» кIыщыщIэуахыным. Конвенцым и зэзэгъыIуэ советым деж щылажьэ къэрал зэхуаку бюром и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщдунейпсо мыхьэнэ зиIэу къалъытэ псы-псыпцIэхэм я щытыкIэм зэрызахъуэжьым кIэлъыплъыным. Мы зэманым ди планетэм «Рамсар щIыпIэу» 1400-м щIигъу щыкагъэунэхуэкIащ. Абыхэм псори зэхэту гектар мелуани 122-м нэблагъэ кьыхэзыгъэбыдэ.

Рамсар конвенцым Iэ тезыдза къэрали 144-м Урысей Федерацэри яхэтщ. Тхыдэ мыжьжьэм кьыхэзыхэщыжьмкIэ, 1975 гъэм СССР-м и Правительствэм и унафэкIэ ди къэралым «Рамсар щIыпIэу» 12 кьыщагъэунэхуэуэ щытащ. Абыхэм ящыщу РСФСР-м и щIыналъэм кьыщызэрагъэпэщагр 3 кьудейт. А мащIэр и тегъэщIапIэу, УФ-м и Правительствэм 1994 гъэм и фокIадэм кьыщта унафэм кьэрикIуэу, «Рамсар щIыпIэу» ди къэралым кьыщызэрагъэпэщагр 38-м щынагъэсащ. Абыхэм, псори зэхэту, щIэуэ гектар мелуани 10,7-м щIигъу яубыдащ.

Урысейм и мызакъуэу, Европэм щынэхъ ин дыдэ Васюган псыпцIэм километр мин зэбгъуэзанитIу 53-м щIигъуи щыцIубгъащ. Абы кьызэщIибыдэ щыгъуи, Томск, Новосибирск, Омск щIыналъэхэм хьыкъу, Сыбырым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Иртышрэ Обьрэ я зэхуаку дэтщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Васюган псыпцIэр кьызэрыуэнэхурэ илъэс мини 10 дэкIащ, зыщиубгъуа и щIыгуми хэхъуэ зэпытщ.

Дыз зрыщыгъуазэщи, цIыхухэм я нэхьыбэм кьызэралъытэмкIэ, псыпцIэхэр щэдыпсыщ икIи фIеялъущ. АрщхьэкIэ, биологхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, апхуэдизкIэ елпыкIэр пэжым пэлэщIащ. ЖьытIам кьыпытщу кьыхэдгъэщынщи, «уэрыжь» псори гъуэталъэкъым, уеблэмэ, я нэхьыбэр псы кьабзэм я зэтеIыгъапIэщ. IэщIагъэлIэхэм кьызэрабжамкIэ, «кьызэрыгъэкI» хьжьыефэжэм ярыт псыр, икуити, илъэс 17-м и кIуэцIкIэ зэхъуэкIа хъумэ, псыпцIэхэм кьызыщыпхивхэр илъэси 5-м кьриубыдэу кьощIэрэщIэж.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Фэеплъ

Борыкъуей Мухьэдин и вагъуэр иремыужьых

Къэхъугъэм зы хабзэ гъэщIэгъэнышщэ иIэу я кьысщохъу: жылагъуэр лъэхъэнэ кьызэрымыкIыу, нэхъ гугъу щиувэм ирихьэлIэу утыку кхъохъэ а Iуэху зэIумыбзэкр зэпэщ зыщIыфын цIыху лъэщхэр, псэкIи пкъыкIи къарууфIэхэр, гупсысэ шэщIарэ акъыпл тIысарэ зыбгъэдэлъхьэр. Апхуэдэхэм зыкъомкIэ я фIыщIэщ ди гъащIэр зэрефIакIуэр, ди псэукIэр нэхъ тынш, зэпэщ зэрыхьэр, сыту жыпIэмэ, ахэр ящыщщ зи щхьэ Iуэхум ипэ кьэралIуэхуэр изыгъэщхэм, жылагъуэм и ехьулIэныгъэхэм папщIэ езыкъэм я щыщIэныгъэхэр зышэчыфхэм. Зи гугъу тщIы цIыху псэ хьэлэлхэм, гъащIафIэхэм, зи пальэри зи унафэри екIуу щытахэм яхэзолъытэ Аруан щынальэм щыпсэуэхэр зэрыгушхуэ Борыкъуей Мухьэдин Хьэмид и къуэр.

АРУАН щынальэм хыхьэ Старэ Шэрэдж жылэм 1933 гъэм и гъатхэпэм кьыщалъхуащ Борыкъуей Мухьэдин. Кьуажэм дэт курыт школыр ехьулIэныгъэкIэ кьиухри, зигурэ зи псэри щIэныгъэм хуеIэ щIалажьэ лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр педиститутым. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъэтэ Мухьэдин и IэщIагъэмкIэ илъэс зытIущ фIэкIа мывьаеуэ, жьыджэгъышхуэрэ хэльэтрэ зиIэу гу зылъатэ Iэщ IагъэлI ныбжьыщIэр Москва ягъэкIуащ, ВЛКСМ-м и ЦК-м и нэIэм щIэту кьызэрагъэпэщауэ щыта Комсомол школ нэхъыщхьэм щеджэну. Бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэрфIэкIымрэ хигъэхъуауэ, сыт хуэдэ кьалэн пщIрылъ кьыщащIыну, игъэзэщIэну хьэзыру щалъхуа щIыналъэм 1958 гъэм кьыгъэзэжащ Мухьэдин. Куэд дэмыкIыу ар хахащ ВЛКСМ-м и Аруан щIыналъэ комитетым и япэ секретару. Илъэс 25-рэ фIэкIа зи мыныбжь щIалэщIэм жьыджэрагъышхуэ кьыкъуэкIащ. Зэман кIэщIым кьриубыдэу абы хуПъэкIащ зи пащIэ щIалэ щIалэ гъэлэр Iэхуг гъуэфI куэдым хуиГъэушьн.

ЩIалэщIэм бгъэдэлъ кьызэрэпэщыныгъэ зэфIэкIэр гулъытэншэ хуаукъым. Абы и Iуэху зехьэкIэ мардэхэр щапхъэу щагъэлъагъуэрт республикэпсо щIалэгъуэуэ, парт зэхуэсхэм. Апхуэдизу екIуэкIыу, Борыкъуейр хахащ КПСС-м и Совет (идж Шэрэдж) райкомым и етIуанэ секретару. Абдежми хъарзынэу щыIэжьащ Мухьэдин, и кьалэнхэр дагъуэнщэу, жэуапIныгъэ хэлъу икIи и чэзум зэриГъэзэщIэнымэ хущIэкъуу.

ПIэщIыгъуэ блэкIам и 60 гъэхэм кьыщыщIэдзауэ Борыкъуей Мухьэдин хозяйствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я пашэу лэжьащ. Мыбдежми кьыхэгъэщIапхъэщ мы Iэхуг гъуэр: и Iэнатlэр ихъужьхи хуей хъуамэ, Борыкъуейр сыт щыгъуи здагъакIуэр зи Iуэхухэр нэхъ зэкIэлъыплъыкIуэ, нэхъ кьыкIэрыху Iэхуг щIапIэхэрат. Зэман кIэщIым кьриубыдэу абы хуПъэкIащ зи пашэ хъуа Iэнатlэр езым хуэдэ адрейхэм ялъэщIигъэхьэжьын, уеблэмэ пэрытхэм яхигъэхьэн. Апхуэдизу ар япэщIыкIэ я игъэкIуащ «Дохъуушьхьэй» совхозым. Абы гъэжьагъэр къэрэнэу щызэтриублэжа нэужь, «Мэкъумэштехникэ» зэгучьэныгъэм и унафэщIым и кьуэдзэ кьулыкIур кьыхуагъэфащащ. Илъэс 14-м щIигъукIэ Борыкъуейр щылэжьащ транспорт IэнатIэм. Нарткъалэ дэт АТП-м и унафэщIу щытащ, иужькIэ абы дзыхь кьыхуащIащ Кавказ Индыхъэрэм и апхуэдэ Iэхуущ IапIэхэм я нэхъ лъэщу кьалъытэу екIуэкIа «Автоколоннэ №1438»-м и пашэ кьаланэр. А Iэхуущ IапIэм бгъэдэлъа зэфIэкIэр абрагъэуу зэрыщытам и щапхъэ зэкIуэу унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэбгрыкIыу, гъуэгуанэ теувэ автобус 600-м щIигъу махуэ кьэс абы кьыдэкIыу зэрыщытар.

Iэхуущ IапIэм и Iуэхур кьызыхуэтыншэу зэтезыубла Мухьэдин гупсысэм хадзауэ щытащ, а Iэнатlэр кьиIуцIанэу щалъхуа и кьуажэм щыIэжьэт хозяйствэм и унафэщIу яГъэкIуэну кьыщыкъраIам щыгъуэ. «Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, сыздэщIэ автоколоннэм и Iуэху дэкI хъуами, дяпэкIи зэфIэдгъэкIын хуей, зи гъунэ итлъа кьудей лэжьыгъэшхуэхэр щыIэщ, - егупсысыт ар. - Iуэхум нэгъуэщIу щIыIу ящIащ хуэш узым (столбнак) уэзэрпэщIэтыфыну мастэ зэрыхьалъхьэм теухуа хъьбарыр.

♦**1918 гъэм** ЦIыхубз комиссарэхм я советым унафэ ищIауэ щытащ «ЧлисэР кьэралми еджапIэхэми кьагъэзэщхьэхуэкIыным теухуауэ».

♦**1920 гъэм** Эстониемрэ Совет Урысейм и Тарту щхьэкIэм мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ. Абы ипкъ иткIэ Эстониер Республикэ щхьэхуиту кьалъытащ.

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ «Хэку зауэшхуэм партизанхэ хэтам» медаль, ятIэ, етIуанэ нагъыщэкIэр зиIэр, я кьащтэну.

♦**1946 гъэм** Сахалин Ипщэмрэ Курилхэр хьтIыгуэмрэ СССР-м кьыхагъэхьащ.

♦Совет композитор, егъэджакIуэ, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гнесин Михаил** кьызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакIуэ, дзэзешэ **Фрунзе Михаил** кьызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Хамэ къэралыр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъэхэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа, профессор, «Шэрджэсхэр кьызытекIар» тхылъыр зи Iэдакъэщ щIэкI **Нэмытокъуэ Айтэч** кьызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Франджым и Лыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан** кьызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуэ, Совет Союзым и Лыхъужь **Чкалов Валерий** кьызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Франджым и президенту щыта **Вэлери Жискар д'Эстен** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, Совет Союзым и Лыхъужь **Джалиль Мусэ** кьызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦«Ленин гъуэгу» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и пэжжаIэ **Джауржийн Iбдисат** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Белихов Евгений** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Композитор, Адыгей къэрал университетым гъуазджэхэмкIэ и институтым и япэ директору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кубаным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, профессор **КIыкI Хьисэ** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 2 - 4 щыхунущ.

Мазаем и 3, *бэрэжьей*

♦**1815 гъэм** Швейцарием дунейм щыIэпэу лэжьэн щыщIидзащ кхъуей щащI заводым.

♦**1826 гъэм** Грибоедов Александр Грозный бадаIпIэм щаубыдащ, зыкъэзыIэта декабристхэм яIыщIауэ щытауэ шэч хуащIыну.

♦**1920 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ хъугъэфIыгъуэхэм я хъумапIэ.

♦**1930 гъэм** Вьетнамым и Коммунист партыр кьызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** Польшэм зыхьэ Одер, Висл псоуэм деж щекIуэкIа зауэшхуэр иухащ.

♦**1957 гъэм** франджы химик Хои Нгуен Бу хэIущIыIу ищIащ тутын Iугъуэм лышхьэ кьэзэгъэсхьэ пкъыгъэ кьызэрыхихыгъуэтам теухуа хъьбарыр.

♦**1958 гъэм** Гаагэ (Нидерландэм) Iэ щытрадзащ Бенилюкс экономикэ зэгучьэныгъэ кьызэрызэрагъэпэщащым теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1966 гъэм** «Мазэ-9» совет станцыр дунейм щыIэпэу Мазэм щетIысэхащ. Ар ягъэльэтат 1966 гъэм щышылэм и 31-м. Аращ Мазэм и щхьэфэм япэу суэрт тезыхьэу Щым кьежьагъэхьауэ щытари.

♦**1972 гъэм** Сапиторэ (Японие) кьыщызэрагъэпэщащ хъугъэфIыгъуэхэм я къэралымапIэ.

♦**1924 гъэм** «Къэбэрдей Плъыжь» газетым и цIэр «Къэрэхъэпъкъ» жиIэу зэрахъуэжащ.

♦**1925 гъэм** СССР-м радиом псэлъэн щыщIидзащ.

♦**2006 гъэм** тенджыз Плъыжьым щыщIипсэфащ Мысырым и «Ас-Саламрэ-98» брамыр. Абы иса цIыху 1372-м щыщу кьелар 376-рэ кьудейр.

♦Уэрэдыжьакъуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м и цIыхубз артист **Къуныжь Хьэждал** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Оценкарийкэр зытхыу щыта, драматург, РСФСР-м и гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Володарский Эдуард** кьызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Совет дзэ кьулыкъущIэ, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и иужьрей министру щыта, авиацэм и маршал **Шаповалов Евгений** кьызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, Къандур Мухьэдин триха «Шэшэным щафIэкIуэдар» фильмым щыджэгуа **Чернышов Андрей** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

● Iуэху епГъыкIэ

Гугъэмрэ гъащIэмрэ я къежьапIэ

**Адыгэхэмрэ адыгэ-ермэлыхэмрэ ятеуха фильм Мейкъуапэ щытрахыну Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм жэрдэм кьызэрыхилъхьам и къыбарым Интернетым сыщрихьэлIат, IэщщIэгъуэн дыди сщIыхъуат. Нахуэу щыжьмыIами, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, а фильмыр кинорежиссер цIэрыIуэ, тхакIуэ, публицист Вэрокъуэ Владимир «Амыщ къуажэ» зыфIища и романым тращыкIыну гурыщхъуэ сщIат, арщхьэкIэ си гугъу ищIымрэ а тхыгъэмрэ зэхуаIуэху щымыIэу кьыщIэкIащ. Ар щыгъэтауэ, Адыгэ Хэкум щыпсэу си цIыхугъэхэм кьызэрызагъащIамкIэ, хъарзынэу зэфIыхьэу хуежьа Iуэхур щаублам деж щыужьыхьащ, Ермэлыхьэблэрэ (Армавирэ) абы и Iэгъублагъэмрэ адыгэ-ермэлыхэм псэукIэу яIар кьрибгъэлъэгъуэну жьыли кьуажи зэрыщымыIэр щхьэусыгъуэ ящIри. (Фигу кьэдгъэкIыжьащи, адыгэ-ермэлыкIэ зэдзэр ермэлыхэм ящыщ лъэпкъщ, XVI лIэщIыгъуэм щегъэжьауэ Кавказ Ищхьэрэм щопсэу, зэрахьэр чыристан динми, зэрыпсалъэр адыгэбзэщ, зытетыр Адыгэ Хабзэщ).

«АМЫЩ къуажэ» зи фIэщыгъэ тхыгъэшхуэр зытеухуар адыгэм лъапсэкIуэдыр кьахуэхьыха Урыс-Кавказ зауэрщ. Ар нэсу къэгъэльэгъуна хуэм папщIэ тхакIуэм адыгэхэм я лъэхъэнэ яIа дунейм тетыкIэм, щыIэкIэм и щхьэхуэныгъэ куэд кьызэщIиубыдэн хуей мэхъу, ар пэжу кьиимыIуатэмэ, тхыльеджэм деж нихьэсыну зыхуей гупсысэр фагъуэ хъуэу, щыщIэныгъэхэр иIэу кьыпщIугъэхуу. Взрокъуэм лъэкIащ тхыгъэр зэрызэIыльта сюжет Iэрамэхэр зэрыкIыу, зы кIапэр бубыдамэ, абы кьыхэкI адрей кьуэпсыр пIэщIэмыхуу зэхиухуэнэн, зыхуэфIи уэзэпхрилыгъуэкIыу кьиIуэтэн. Дэ нахуэу ди нэгу щIокI кьэзакъэмрэ адыгэхэмрэ зэхуаIа зэхущытыкIэ мытыншхэр, щхьэихауэ топсэльыхь абыхэм я зэпэщIэувэныгъэм лъэныкъуитIми кьахуихьа мыщщхьэпэкъым. Тхыгъэм кьыхэщыжьа адыгэ зауэлIэхэм я хахуагъэр тхакIуэм кьыщIэльъагъуэкIэ, ахэр адэжь лъахэм лъагъуныгъэ гъунапкъэншэр гум щызыгъафIэ, дахагъэр зи псэм хэль цIыхуу зэрыщытми трегъащIэ. Iэщэ кьапэпIэту, зэрыппхъуэну уахэмыхьэмэ, адыгэхэр цIыхугъэфI, ныбжьыгъуэ пэж, гъусэ щыпкъэ зэрыхьунури тхылъым щыжиIэ. Апхуэдизу, Вэрокъуэр адыгэхэмрэ абыхэм я бзэмрэ хабзэмрэ кьэзыщта адыгэ-ермэлыхэмрэ я зэхуаку зэхущытыкIэфI илъэхэм я гугъу щищIкIэ, динымрэ адыгагъэмрэ япэ иригъэщIыр дэтхэнэраз пIэрэ, жьиIэу уретгъэгупсысри, и кIэм зыхуишэр хьэлэмэт дыдэщ - сытми лъабжьэ хуэхъур цIыхугъэщ, ар Iэхъум хэлъмэ, къэмышынэуэжьинкIэ угугъэ хъунущ.

Урысыдзэм и генерал Засс Григорий ипхъу Екатеринэ Амыщ къуажэм щыщ адыгэхэм яхьу, иужькIэ лажьи хъатаи имыIэу, пщIэ хуащIу и адэм зэрыхуаIэжам и хъьбарыр романым кIыхьу щышIащIащ. Илъэс Iэджэ щIауэ пащтыхьым и дзэм къарищIыкIэ лъыгъажьэм апхуэдизкIыкIэкIэ кIа иратыну адыгэхэр зэрыхуIэжьэкъур гурыIуэгъуэт. Ауэ, щхьэусыгъуэ нахуэхэм япкъ иткIэ, адыгэ лIыхъужьхэм зэрыжьа гъащIэ щIа щIыгъуэ.

«Амыщ къуажэ» тхылъыр зыгъэщIэрэщIа суэтыщ Горлов Михаил зэрыжиIэмкIэ, Вэрокъуэм и дэтхэнэ тхылъыми хуэдэу, мы романми абы и акъылрэ и лъагъукIэрэ хилъхьащ. НэгъуэщIу жьпIэмэ, зауэм и курыкупсэм хиубыда адыгэ хуэужьэм пэж дыдэу щекIуэкIа Iуэхугъуэхэм тхакIуэм Iэзэу хеухуанэ езым бгъэдэлъ хуитыныгъэрэ - къэгупсыса лIыхъужьхэмрэ образхэмрэ. А Iэмалым романыр нэхъри нэхъ плъыфэбэ, сюжетхэр кьэупсыбэ, псалъэр щIэщIагъуэ ещI.

Къыщедгъэжььам хуэтщэжмэ, Вэрокъуэ Владимир и Iэдакъэ къыщIэкIа «Амыщ къуажэ» романым кинофильм трахатэмэ, адыгэ гъащIэм къыщымынэу, зэрыкъэралу я щэнхабзэм Iуэхугъуэ дахэу хэувэнут, лъэпкъэм я зэхущытыкIэхэри иригъэбгIэкIуэнут. Горловым и псалъэкIэ жьпIэмэ, романыр хуэхъэщIыщ сценарий щэщIа къызэрыхэкIынум, къызэщIыбыдэнум и кууугъэкIи и бгъуагъэкIи голливуд проектхэм нэхърэ мынэхъ цIыкIуу.

Взрокъуэ Владимир тхылъеджэм я пащхьэ ирилъха тхылъыр мы псалъэхэмкIэ еух: «Мыбы щыстха псори кьэхъуащ. Псори. Хэбдзыну зы псалъэ хэмыту. Иужьрей дыдэ фочI узэгъуэм нэсыхукIэ. Пэжыр - гугъэмрэ гъащIэмрэ я кьежьапIэщ». Апхуэдэ пэж дыхуэныкъуэщ, ди кIуэцI дригъэпльэжу, ди щытыкIэр нахуэр дигъэльэгъужу.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхылъ 12 зи кьалэмыпэ кьыщIэкIа, фильми 150-м я сценарийр зытха, Урысей Федерацэм и Президентым и Щ1ыхь тхылъыр зыхуагъэфэща Взрокъуэ Владимир кьытхэтыжьыкъым. Ауэ абы адыгэ щэнхабзэм, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъэм я гъуэджэм лъэужь дахэ хьыщIыгъэнащ. Аращ абы и фэеплъ нэхур мыкIуэдыжу тхылъеджэм, ныбжьэгъуэм, цIыхубзм ягу щIилъынур.

КЪАЛМЫКЪ Жылэбий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу хасэм и тхьамадэ.

ЩIэныгъэлIэхэм къызэралъытэмкIэ, псыпцIэхэр ящыщщ ЩIы хъурейм и биологие зэмылIэужьыгъуагъэм хезымыгъэгъэщI, щIыуэпсыр зэпIэзэрыт щIыпыкIэм къызыгъанэ къэщIыгъэ телъыджэхэм.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 2, *гъубж*

♦**Псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ.** Нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ялэщIэту Сталинград къалэм деж махуэ 200-кIэ советыдзэхэм ирагъэкIуэкIа зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ ихуащ 1943 гъэм мазаем и 2-м.

♦**Азербайджаным и щIалэгъуалэм я махуэщ**

♦**1536 гъэм** Испаниемрэ щыщ Мендосэ Педрэ Лаплатэ псым и Iуфэм деж Аргентинэм и иджырей къалащхьэ Буэнос-Айрес кьызытепщыкIыжа псэупIэр щиухуащ.

♦**1549 гъэм** Урысейм кьызызэрагъэпэщащ ЛIыкIуэхэм я унэ зыфIаща Iэхуу щIапIэр - иджыпсту ар нэгъуэщI хэрагъэхуэмкIэ министерствэрщ.

♦**1701 гъэм** Пётр Езанэм унафэ кьыдигъэкIащ топ 18 зэрыбгъэувэ хъун кхъуэхьышхуих Ладогэ гуэлым щащIыну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ кьызэрэпэща хъуащ Балтие флотыр.

♦**1911 гъэм** Америкэм щыщ щIэныгъэлIэхэм хэIущIыIу ящIащ хуэш узым (столбнак) уэзэрпэщIэтыфыну мастэ зэрыхьалъхьэм теухуа хъьбарыр.

♦**1918 гъэм** ЦIыхубз комиссарэхэм я советым унафэ ищIауэ щытащ «ЧлисэР къэралми еджапIэхэми къагъэзэщхьэхуэкIыным теухуауэ».

♦**1920 гъэм** Эстониемрэ Совет Урысейм и Тарту щхьэкIэм мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ. Абы ипкъ иткIэ Эстониер Республикэ щхьэхуиту кьалъытащ.

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ «Хэку зауэшхуэм партизанхэ хэтам» медаль, ятIэ, етIуанэ нагъыщэкIэр зиIэр, я кьащтэну.

♦**1946 гъэм** Сахалин Ипщэмрэ Курилхэр хьтIыгуэмрэ СССР-м кьыхагъэхьащ.

♦Совет композитор, егъэджакIуэ, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гнесин Михаил** кьызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакIуэ, дзэзешэ **Фрунзе Михаил** кьызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Хамэ къэралыр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъэхэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа, профессор, «Шэрджэсхэр кьызытекIар» тхылъыр зи Iэдакъэщ щIэкI **Нэмытокъуэ Айтэч** кьызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Франджым и Лыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан** кьызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуэ, Совет Союзым и Лыхъужь **Чкалов Валерий** кьызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Франджым и президенту щыта **Вэлери Жискар д'Эстен** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, Совет Союзым и Лыхъужь **Джалиль Мусэ** кьызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦«Ленин гъуэгу» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и пэжжаIэ **Джауржийн Iбдисат** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Белихов Евгений** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Композитор, Адыгей къэрал университетым гъуазджэхэмкIэ и институтым и япэ директору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, профессор **КIыкI Хьисэ** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 2 - 4 щыхунущ.

Мазаем и 3, *бэрэжьей*

♦**1815 гъэм** Швейцарием дунейм щыIэпэу лэжьэн щыщIидзащ кхъуей щащI заводым.

♦**1826 гъэм** Грибоедов Александр Грозный бадаIпIэм щаубыдащ, зыкъэзыIэта декабристхэм яIыщIауэ щытауэ шэч хуащIыну.

♦**1920 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ хъугъэфIыгъуэхэм я хъумапIэ.

♦**1930 гъэм** Вьетнамым и Коммунист партыр кьызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** Польшэм зыхьэ Одер, Висл псоуэм деж щекIуэкIа зауэшхуэр ихащ.

♦**1957 гъэм** франджы химик Хои Нгуен Бу хэIущIыIу ищIащ тутын Iугъуэм лышхьэ кьэзэгъэсхьэ пкъыгъэ кьызэрыхихыгъуэтам теухуа хъьбарыр.

♦**1958 гъэм** Гаагэ (Нидерландэм) Iэ щытрадзащ Бенилюкс экономикэ зэгучьэныгъэ кьызэрызэрагъэпэщащым теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1966 гъэм** «Мазэ-9» совет станцыр дунейм щыIэпэу Мазэм щетIысэхащ. Ар ягъэльэтат 1966 гъэм щышылэм и 31-м. Аращ Мазэм и щхьэфэм япэу суэрт тезыхьэу Щым кьежьагъэхьауэ щытари.

♦**1972 гъэм** Сапиторэ (Японие) кьыщызэрагъэпэщащ хъугъэфIыгъуэхэм я хъумапIэ.

♦**1924 гъэм** «Къэбэрдей Плъыжь» газетым и цIэр «Къэрэхъэпъкъ» жиIэу зэрахъуэжащ.

♦**1925 гъэм** СССР-м радиом псэлъэн щыщIидзащ.

♦**2006 гъэм** тенджыз Плъыжьым щыщIипсэфащ Мысырым и «Ас-Саламрэ-98» брамыр. Абы иса цIыху 1372-м щыщу кьелар 376-рэ кьудейр.

♦Уэрэдыжьакъуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м и цIыхубз артист **Къуныжь Хьэждал** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Оценкарийкэр зытхыу щыта, драматург, РСФСР-м и гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Володарский Эдуард** кьызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Совет дзэ кьулыкъущIэ, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и иужьрей министру щыта, авиацэм и маршал **Шаповалов Евгений** кьызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, Къандур Мухьэдин триха «Шэшэным щафIэкIуэдар» фильмым щыджэгуа **Чернышов Андрей** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дахэ зыхэмызагъэ щыIэкъым.

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр 2020 гъэм и №№ 125 - 130-хэм, 2021 гъэм и №№2 - 4, 6, 8-хэм итц).

ЧЭРИМ Марианнэ

Ты иримыкъу

Роман. ЕтІуанэ Іыхьэ

- Дауэ ущыт уэ? - Щыхьыи и макъ бадзапсэмкІэ Бэчэ зыкъыхуегъазэ.

- Дыпщъэщытщ, дебгъэтІысхэрэ? - сымяджэм и пІэ кІапэм тетІысхьауэ, и гуфІэ нэкІур треуХэуанцІэ Бэч. - Уи Іуэху мыЛей, уей, уэ. Бесльэн Іупъхьэншэу кІыпльысащ! Айдэреду къеІысхьжынущ, жи.

- Дыпшынысынщ зыгуэр!

- Ди адакъэр щІэупщІакІуэ кІыпхуэсщэнущ пщэдджыжь, къызжиІакъым жумыІэж. ФІыуэ ушхэмэ, дызэбгынащ. Прунж хьэмэрэ хугу уи лэпсым хэтпхъэнур?

- Прунж.

Аргуэру щыри мэдыхьэшх.

- Уей, имыдэну! Нартхэм хугуращ я къару зыхэлъщ. Сэ пІастэ сшхынурэ щІым утеэгъэуІуэнущ.

- Ныщхьэби зыгуэр хуэгъэткІуну фэ изополъ мы сэ слъагъум, - Бесльэн Щыхьыи и гукъыдржьм зыкъызэриІэтыжар и гуапэщ. - Жейм учиІыфэмэ, - Щыхьыи зыхуегъазэ дохутырым, - уэзмыныкъэуІужу зыгъэзэпсэку, хущхъуэр нэхъ уэгъэшынущ, уи къарури нэхъ тыншу зэрубыдыжынущ. - Бэч дежкІэ зреІуэнтІэкІыжри, пещэ: - Деуэзу, ныщхьэбэ кьедгъэхьынт-тІэ лэпсыр, Бэч?

- Ар куэдрэ? - Бэч телефоныр къещтэри, и анэм къыщытримыхьим, иджы и адам деж мэпсалъэ. - Джэд лэпс жеІэри фыщІыкІуэ мыбы. Севмыгьафэмэ, сыфхэзэухынущ, жи. Шати? Шатэ хэплъхьэрэ, зиусхьэн? - Щыхьыи зыхуегъазэ.

- Хъыумыльхъэу къыздэхь, жыІэ, - Бесльэн, Хьэсэн зэхихьи хуэдэу, нэхъ хуабжьу мэпсалъэ. - МэфІэІыу е зыгуэр. Термос фиІэ, и?

- Шатэр хъыумыльхьэ, жи, Бесльэн. ЩыІалъэм дэгъэт, сэ къэсщтэнщ. Термосышхуэ гуэр диІэн хуейщ дэ, литрым щІигъу ихуэу, абы иткІэнщ. ЗанщІэу псори щримыфынукІэ, пщтыру итынщ, - Бэч и адэм хуищІ унафэхэм негъэс. - Сэ зы сыхьэт хуэдэ дэкІмэ, сынэкІуэжынщ. Фэ джэдыр хэфІъхъэ.

Бжэм зыгуэр къытоуІуэ. Ар Іуихьи и мураду тэджа Бесльэн ищІэным хунимыгъэсу, бжэр зэІуокІри, бжэщхьэІым Марат къытоуІэ.

- ФІэхъус апщий!

- Упсэу апщий!

- Кьеблагъэ!

ЩІалэхэм сэлам эрах.

- ЕтІысэх, сэ зэ зыкъэспльыхьынщи сыкъэщІыхьэжынщ, - ар жызыІэр Бесльэнщ.

- НтІэ, сэри лэпсыхэ соклуэк абы щыгъуэм, - Бэч къызэфІоувэри, Щыхьым йоплъ.

Щыхьым и напІэкІэр зэтелъщ. ЩІалитІыр щІокІри, зэадзэзэкъуэр къызэбгъэдонэ.

- Зумыигъэгувэу щІыхьэж, - Бэч Бесльэн бжэ щІыбагъым щыжреІэ щэхуу.

- Уи лажьэІа, и адэщ ар абы.

- Пъэхъуэщым щридзэм и адэтэкъэ?

- Уэ укІуэжапІэрэ?

- Хьэуэ, Іэгъу! Дыбгъэдамыгъэхьэ защынкІи хъунущ зэанзэзкъуэм аргуэру, Хьэрун щыщІалъхьэм зэрызащІам хуэдэу. Хуэсакъ! И закъуэ къыІэщІумынэ!

- СфІэемыкІути аращ сыкъэщІыщІэкІар. ЗэІыхьлыхэм зэпсэлъапІэ езмыт нэхъеІ.

- Куэд жумыІэ, уэ удохутырщ. Езыр иреуКІытэ? Зы псалъэ жиІэну фІэкІа сыхуейкъым.

ЩІалэхэр, я макъыр ешэхуэз зэрызэпсалъэм хуэдэурэ, кІэлындкорм ирокІуэ. АпщІондэху Марат Щыхьым и нэр къызэтрихьынм поплъэри зэфІэтщ. БгъэдэкІуатэри, шхыІэн щІыІум телъ и Іэм зэкІуэщ. КъищІакъым. КъилъэгъуаУэ пІэрэ? Мэбдаэу, хьэуэ. Жейм хилъэфащ. Хьарзынэщ. Езыми тІэкІу зыщІигъэщынщ гъуэгъыпІэ нэщІым.

